



# Revni Sekirite Siplemantè (*Supplemental Security Income, SSI*)

## Ki sa ki andedan

Revni Sekirite Siplemantè (SSI)	1
Ki sa SSI ye?	1
Kèk règ pou jwenn SSI	1
Fason pou aplike pou SSI	3
Ou ka jwenn lòt èd	4
Ou ka resevwa benefis Sekirite Sosyal	5
Pou kontakte Sekirite Sosyal	5

## Revni Sekirite Siplemantè (SSI)

Tiliv sa a eksplike ki sa Revni Sekirite Siplemantè (SSI) ye, kiyès ki ka resevwa l, epi fason pou aplike pou li. Pou enfòmasyon ki presi pou sitiyasyon pa w, pale avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal.

Byenke se Administrasyon Sekirite Sosyal ki jere pwogram SSI la, men se pa taks Sekirite Sosyal ki peye pou li. Se fon jeneral Trezori Etazini ki peye pou SSI, men se pa fon fidisyè Sekirite Sosyal la.

## Ki sa SSI ye?

SSI voye pèman chak mwa bay moun ki gen revni ki ba ak kèk resous, epi ki:

- Gen 65 an oswa plis;
- Avèg; oswa
- Envalid.

Si w ap aplike pou SSI, ou ta dwe li tou *What You Need To Know When You Get Supplemental Security Income (SSI)* (Piblikasyon No. 05-11011).

**NOTE:** Timoun ki andikape oswa ki avèg epi paran yo pa gen gwo revni oswa resous ka elijib pou benefis Revni Sekirite Siplemantè tou. Montan debaz SSI la se menm nan tout peyi a. Sepandan, gen anpil eta ki ajoute lajan sou montan benefis debaz la. Ou ka rele nou pou konnen ki montan eta kote w abite a ofri.

## Kèk règ pou jwenn SSI

### Revni ak resous ou

Pou jwenn SSI ou non depann de revni w ak resous ou (bagay ou posede).

## Revni

Revni se lajan ou resevwa tankou salè, benefis Sekirite Sosyal ak pansyon. Revni gen ladan I tou kèk bagay tankou manje ak abri. Montan revni ou ka resevwa chak mwa epi pou toujou ap resevwa SSI depann an pati de kote w abite. Ou ka rele nou pou ka konnen limit sou revni nan eta kote w abite a.

Sekirite Sosyal pa konte tout revni w lè n ap deside si wi ou non ou kalifye pou SSI. **Pa egzanp, nou pa konte:**

- Premye \$20 pa mwa sou pifò revni ou resevwa;
- Premye \$65 pa mwa ou fè nan travay ou ak mwatye montan ki depase \$65;
- Benefis pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (SNAP), yo te konn rele koupon alimantè;
- Abri ou jwenn nan òganizasyon prive ki pa la pou fè lajan; epi
- Pifò asistans pou enèji ou itilize lakay ou.

Si w marye, nou enkli yon pati nan revni ak resous konjwen w lè n ap deside si w kalifye pou SSI. Si w poko gen 18 an, nou enkli yon pati nan revni ak resous paran w. Epi, si w se yon non-sitwayen yon moun patwone, nou ka enkli revni ak resous moun ki patwone w la.

Si w se yon elèv, kèk nan salè oswa bous etid ou resevwa **ka pa konte**.

Si w envalid, men w ap travay, Sekirite Sosyal **pa konte** salè ou itilize pou peye pou bagay oswa sèvis ki ede w travay. Pa egzanp, si w bezwen yon chèz woulant, salè w itilize pou peye pou chèz woulant lan pa konte kòm revni lè n ap deside si w kalifye pou SSI.

Epitou, Sekirite Sosyal **pa konte** salè yon moun ki avèg itilize pou depans travay li. Pa egzanp, si yon moun avèg itilize salè I pou I peye pou transpò aleretou nan travay, salè li itilize pou frè transpò a pa konte kòm revni.

Si w envalid oswa ou avèg, kèk nan revni ou itilize (oswa ou ekonomize) pou fòmasyon, oswa pou achte bagay ou bezwen pou travay, **ka pa konte**.

## Resous (bagay ou posede)

Resous nou konte lè n ap deside si w kalifye pou SSI gen ladan I byen imobilye, kont labank, lajan kach, aksyon ak obligasyon.

Ou kapab resevwa pèman SSI si resous ou yo vo \$2,000 oswa mwens. Yon koup kapab jwenn SSI si yo gen resous ki vo \$3,000 oswa mwens. Si w posede pwopriyete w ap eseye vann, ou ka jwenn SSI pandan w ap eseye vann pwopriyete a.

Sekirite Sosyal pa konte tout bagay ou posede lè n ap deside si w gen twòp resous pou kalifye pou SSI. Pa egzanp, nou pa konte:

- Kay ak tè kote w abite a;
- Polis asirans vi ki vo \$1,500 oswa mwens;
- Machin ou (nòmalman);
- Plas nan simityè pou oumenm ak manm fanmi imedyat ou; epi
- Jiska \$1,500 nan fon pou antèman pou oumnem epi jiska \$1,500 nan fon pou antèman pou konjwen w.

## Kèk lòt règ ou dwe satisfè

Pou jwenn SSI, ou dwe abite Ozetazini oswa zile Nò Maryàn yo epi se pou yon sitwayen oswa resòtisan ameriken. Nan kèk ka, rezidan ki pa sitwayen yo ka kalifye pou SSI. Pou plis enfòmasyon li *Supplemental Security Income (SSI) For Noncitizens* (Piblikasyon No. 05-11051).

- Si w elijib pou Sekirite Sosyal oswa lòt benefis, ou dwe aplike pou yo. Si w elijib, ou ka jwenn SSI ansanm ak lòt benefis.
- Si w abite nan kèk kalite enstitisyon, ou ka jwenn SSI.
- Si w abite nan yon mezon retrèt piblik vil la oswa konte a, yon mezon tranzisyon, oswa lòt enstitisyon piblik tankou prizon, nòmalman ou paka resevwa SSI. Men genyen kèk eksepsyon.

- Si w abite nan yon rezidans kominotè publik ki sèvi pa plis pase 16 moun, ou ka resevwa SSI.
- Si w abite nan yon enstitisyon publik prensipalman pou jwenn fòmasyon edikasyonèl oswa fòmasyon travay ki apwouve pou ede w jwenn yon travay, ou ka resevwa SSI.
- Si w abite nan yon abri publik nan kadijans pou moun ki sanzabri, ou ka resevwa SSI.
- Si w abite nan yon enstitisyon publik oswa prive, epi Medicaid ap peye plis pase mwatye nan depans pou swen w ap resevwa, ou ka resevwa yon ti benefis SSI.
- Si w komèt nenpòt krim oswa ou gen nenpòt manda arrestasyon pou krim paske w te sove pandan w te sou gad, ou sove pou evite jjiman oswa anprizonnman, oswa ou sove, nòmalman ou paka resevwa SSI.

## Fason pou aplike pou SSI

Si w konte aplike pou SSI, ou ka kòmanse pwosesis aplikasyon an epi konplete yon gwo pòsyon nan aplikasyon an lè w vizite sitwèb nou an nan [www.socialsecurity.gov/applyforbenefits](http://www.socialsecurity.gov/applyforbenefits). Ou ka rele nou tou nan nimewo gratis la nan **1-800-772-1213** pou mande pou mete yon randevou avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal.

Si w se yon adilt ki envalid epi w gen entansyon ranpli aplikasyon ni pou SSI ni pou asirans envalidite nan Sekirite Sosyal, ou ka aplike sou entènèt pou toule de benefis yo nan menm lè si w satisfè kondisyon ki pral site la yo:

- Ou gen ant 18 a 65 an;
- Ou pa t janm marye;
- Ou pa avèg;
- Ou se yon sitwayen ameriken ki abite nan youn nan 50 eta yo, District of Columbia, oswa zile Maryàn Nò yo; epi
- Ou pa t aplike ni ou pa t resevwa benefis SSI nan lepase.

Pou aplike pou benefis Sekirite Sosyal ak benefis envalidite SSI sou entènèt, vizite [www.socialsecurity.gov/disability](http://www.socialsecurity.gov/disability). Si w paka fè aplikasyon pou SSI la sou entènèt, ou ka rele nou gratis nan **1-800-772-1213** pou mete yon randevou nan biwo a oswa nan telefòn avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal.

Paran oswa gadyen yo nòmalman kapab aplike pou timoun ki avèg oswa ki andikape ki pokon 18 an. Nan kèk ka, lòt tyès pati ka aplike pou timoun yo.

Menm si w pa gen tout bagay ki site anba a, se pou aplike kanmenm. Moun nan biwo Sekirite Sosyal la ka ede w jwenn kèlkeswa sa w bezwen. Tanpri pote:

- Kat Sekirite Sosyal ou oswa yon dosye nimewo Sekirite Sosyal ou;
- Batistè w oswa lòt prèv laj ou;
- Enfòmasyon konsènan kay kote w abite a, tankou ipotèk oswa kontra lwave w ka non pwopriyetè kay la;
- Souch pèman, kanè bank, polis asirans, dosye fon pou antèman, ak lòt enfòmasyon konsènan revni w ak bagay ou posede;
- Non, adrès ak nimewo telefòn doktè, lopital, ak klinik ou te vizite, si w ap aplike pou SSI paske w envalid oswa ou avèg;
- Prèv ki montre ou se yon sitwayen ameriken oswa ou gen estati non-sitwayen ki fè w elijib; epi
- Kanè chèk ou oswa lòt papye ki montre nimewo kont bank, kooperatif kredis oswa sosyete kredi.

Si yo apwouve w pou resevwa SSI, ou dwe dakò pou resevwa pèman yo defason elektwonik. Nou ka fè pèman atravè depo dirèk, pwogram kat Direct Express® la, oswa yon kont transfè elektwonik. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.GoDirect.org](http://www.GoDirect.org).

## **Yon nòt pou moun ki avèg oswa ki envalid**

Si w avèg oswa ou envalid, epi w ap travay, genyen kèk règ espesyal pou ede w. Ou ka kontinye resevwa pèman SSI yo pandan w ap travay. Amezi w ap fè kòb, pèman SSi ou yo ka redui oswa yo ka sispann, men ou ka kontinye kenbe kouvèti Medicaid ou a.

Epitou ou kapab mete yon ti lajan dekote pou yon objektif travay oswa pou al lekòl. Nan ka sa a, lajan ou mete dekote a pap redui montan SSI w ap resevwa a.

Moun ki avèg oswa ki envalid ki aplike pou SSI ka jwenn sèvis espesyal gratis pou ede yo travay. Sèvis sa yo ka enkli konsèy pwofesyonèl, fòmasyon travay, ak èd pou yo jwenn travay.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan *Working While Disabled—How We Can Help* (Piblikasyon No. 05-10095).

### **Dwa pou fè apèl**

Si w pa dakò ak yon desizyon nou pran sou reklamasyon w lan, ou ka fè yon apèl. Yo eksplike mezi ou ka pran yo nan *Your Right To Question A Decision Made On Your Supplemental Security Income (SSI) Claim* (Piblikasyon No. 05-11008).

Ou ka jere pwòp ka SSI ou oswa apèl ou fè avèk èd gratis nan men Sekirite Sosyal. Ou gen dwa tou pou gen yon moun ki pou reprezante w. Genyen kèk règ konsènan ki moun ki ka reprezante w epi ki sa reprezentan w lan ka fè. Nou pral travay avèk reprezantant w lan tankou se te avèk ou nou t ap travay. Mande nou si w vle konnen ki jan ou ka nome yon moun pou aji nan non w. Epitou ou jwenn plis enfòmasyon konsènan reprezentasyon nan *Your Right To Representation* (Piblikasyon No. 05-10075) oswa sou sitwèb nou an nan [www.socialsecurity.gov/representation](http://www.socialsecurity.gov/representation).

## **Ou ka jwenn lòt èd**

Si w ap resevwa SSI, ou ka jwenn èd tou nan men eta oswa konte kote w abite a. Pa egzanp, ou ka resevwa Medicaid, manje oswa lòt sèvis sosyal. Rele depatman sèvis sosyal lokal ou a oswa biwo byennèt sosyal pou enfòmasyon konsènan sèvis ki disponib nan kominate w la.

### **Pwogram Asistans pou Nitrisyon Siplementè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)**

Si w ap resevwa SSI, ou ka gen posiblite pou jwenn èd pou achte manje atravè Pwogram Asistans pou Nitrisyon Siplementè a (SNAP) otrefwa yo te konn rele koupon alimantè (food stamps). Si tout moun lakay ou ap aplike oswa ap resevwa SSI, ou ka aplike pou SNAP nan biwo Sekirite Sosyal la.

Si w pa abite nan yon kay kote tout moun ap aplike oswa ap resevwa SSI, vizite [www.fns.usda.gov/snap](http://www.fns.usda.gov/snap) pou aprann ki fason pou aplike. Pou plis enfòmasyon sou SNAP, li *Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) Facts* (Piblikasyon No. 05-10101). Pou plis enfòmasyon sou lòt pwogram asistans pou nitrisyon ki ka disponib pou ou, li *Nutrition Assistance Programs* (Piblikasyon No. 05-10100).

### **Medicaid**

Lè w ap resevwa SSI, ou ka jwenn Medicaid tou, ki ede peye bil doktè ak bil lopital. Biwo lokas sèvis sosyal ou a oswa biwo pou asistans medikal ou ka ba w enfòmasyon konsènan Medicaid.

### **Èd pou peye pou Medicare**

Si w gen Medicare, epi ou gen revni ki ba ak kèk resous, eta kote w abite a ka peye prim Medicare ou yo epi, nan kèk ka, lòt depans Medicare tankou franchiz ak ko-asirans. Se sèlman eta kote w abite a ki ka deside si w kalifye. Pou chèche konnen si w kalifye, kontakte biwo Medicaid eta oswa lokal ou a. Ou ka jwenn nimewo telefòn yo ak plis enfòmasyon sou pwogram sa yo nan Centers for Medicare

& Medicaid Services (CMS) lè w rele nimewo gratis Medicare la, **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**. Si w soud oswa ou gen difikilte pou tande, rele TTY **1-877-486-2048**.

Ou ka elijib pou jwenn Extra Help pou peye franchiz anyèl, prim mansyèl ak kotpa pou medikaman ou achte avèk preskripsyon ki gen rapò ak pwogram medikaman ou achte avèk preskripsyon nan pwogram Medicare (Pati D). Ou ka kalifye pou Extra Help si w gen revni limite (ki konekte avèk nivo povrete federal la) ak resous ki limite. Limit nan revni ak resous sa yo chanje chak ane epi yo pa menm ak limit nan revni ak resous SSI yo. Kontakte Sekirite Sosyal pou limit aktyèl yo.

Ou ka aplike sou Entènèt pou Extra Help oswa pou jwenn plis enfòmasyon nan [www.socialsecurity.gov/extrahelp](http://www.socialsecurity.gov/extrahelp). Epitou ou ka aplike oswa mande yon aplikasyon pa telefòn, oswa ou ka aplike nan biwo lokal Sekirite Sosyal ou a.

Si w gen Medicaid avèk kouvèti pou medikaman ou achte avèk preskripsyon epi ou gen Medicare tou, Medicare ak SSI, oswa si eta kote w abite a peye pou prim Medicare ou yo, ou otomatikman pral jwenn Extra Help sa a, konsa ou pap menm bezwen aplike pou li.

## Ou ka resevwa benefis Sekirite Sosyal

Si w te travay epi ou te peye taks Sekirite Sosyal ase lontan, ou ka elijib tou pou benefis Sekirite Sosyal pandan w ap resevwa SSI. Yo ka peye benefis retrèt pou moun ki gen 62 an oswa plis ansanm ak fanmi yo. Benefis envalidite se pou moun ki gen envalidite ansanm ak fanmi yo. Yo peye benefis sivivan pou fanmi travayè ki te mouri. si w panse ou ka kalifiye pou benefis Sekirite Sosyal. rele nou pou ka mete yon randevou pou pale avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandem.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-11000-HC | August 2017

Revni Sekirite Siplementè (Supplemental Security Income, SSI)  
Supplemental Security Income (SSI) (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi bibliye publikasyon sa a